

Sondaj sou Ekite nan Sante Kominotè 2026:

Gid pou twous zouti pwomosyonèl la

Mèsi pou enterè w genyen nan pataje Sondaj DPH sou Ekite nan Sante Kominotè a ak fanmi w, vwazen w, kominote w ak lòt rezo toupatou nan eta a. Pou ede soutni efò difizyon sa yo, nou kreye yon seri materyèl kominikasyon ki adapte ak divès kominote sondaj la konsantre sou yo. Gid sa a fèt pou oryante patnè kominotè, rezidan, òganizasyon ak lòt moun ki vle pataje sondaj la sou pakèt materyèl sansibilizasyon ki disponib yo.

Chak twous zouti klase selon lang materyèl yo tradui ladan l lan. Ou ka jwenn paj espesifik pou chak lang yo isit la: mass.gov/DPH/HealthSurveyPromo.

Mèsi pou efò w ap fè pou asire kominote w la byen reprezante nan done sante piblik ak done sosyal yo. Si w gen nenpòt kesyon sou sondaj la oswa twous zouti yo, tanpri kontakte CHEI@mass.gov.

Resous ki nan twous zouti pwomosyonèl la gen ladan:

- Pwen kle pou pale
- Depliyan (8.5" pa 11")
- Fèy pou kolorye (8.5" pa 11")
- Egzanp kontni pou rezo sosyal
 - Egzanp tèks pou piblikasyon sou rezo sosyal
 - Grafik pou itilize sou Instagram, Facebook, X, LinkedIn, WhatsApp ak lòt platfòm rezo sosyal
- Fon vityèl
- Modèl imèl pou fè pwomosyon sondaj la
 - Pou moun ki ka patisipe nan sondaj la
 - Pou sansibilizasyon patnè yo
- Fòm konsantman pasif paran pou òganizasyon k ap sèvi jèn yo (disponib si w mande yo nan CHEI@mass.gov)

Pwen kle pou pale

Dokiman ki gen mesaj kle yo prepare pou bay patnè yo pwen kle pou pale sou sondaj CHES la. Mesaj kle yo bay enfòmasyon jeneral sou enpòtans sondaj la, fason yo pral sèvi ak done yo, fason sondaj la pral sèvi kominote yo ak lòt enfòmasyon.

Depliyàn

Depliyàn 8.5” pa 11”

Yo te kreye depliyàn sa a avèk foto ki soti nan yon bank imaj epi ki reprezante anpil idantite diferan. Yo ka pataje depliyàn yo sou fòm dijital—pa egzanp, nan imèl oswa nan yon bilten—oswa enprime yo pou distribiye nan evènman sansibilizasyon epi afiche yo nan kote manm kominote yo ka wè yo. Depliyàn yo gen ni yon adrès entènèt ekri ki mennen nan sondaj la, ni yon kòd QR ki mennen dirèkteman nan sondaj la. Sou paj mass.gov/HealthSurvey la, patisipan yo ka chwazi lang yo prefere a.

Modèl depliyàn ki ka pèsonalize

Patnè kominotè yo ka kontakte CHEI@mass.gov pou mande aksè ak yon modèl yo ka pèsonalize avèk pwòp foto yo ak lang yo prefere pou ankouraje moun patisipe nan sondaj la.

Fèy pou kolorye

Fèy pou kolorye a ka itilize nan evènman sansibilizasyon ak lòt aktivite pou fanmi ak timoun. Li se yon bon fason tou pou kenbe timoun yo okipe pandan granmoun yo ap ranpli sondaj la!

Egzanp kontni pou rezo sosyal

Egzanp grafik ak piblikasyon pou rezo sosyal

Yo ka pibliye grafik pou rezo sosyal yo ansanm ak tèks yo sijere anba a. Imaj yo gen fòm ki adapte ak tout gwo platfòm rezo sosyal yo

1.

Patisipe nan chanjman kominote w la vle a! Lè w patisipe nan Sondaj Massachusetts sou Ekite nan Sante Kominotè a, w ap ede fòme desizyon sou priyorite, bezwen ak solisyon kominote a.

Ranpli sondaj anonim nan jodi a sou mass.gov/HealthSurvey.

2.

Lè w patisipe nan Sondaj Massachusetts sou Ekite nan Sante Kominotè a, w ap pataje valè w, bezwen w ak espwa w pou lavni. Fè tande vwa w nan desizyon konsènan kominote w la!

Ranpli sondaj anonim nan jodi a sou mass.gov/HealthSurvey.

Modèl imèl pou fè pwomosyon sondaj la

Pou moun k ap patisipe nan sondaj la

Patnè yo ka itilize modèl imèl sa a pou mande rezidan Massachusetts ki nan rezo yo pou yo ranpli sondaj la.

Pou sansibilizasyon patnè yo

Yo ka itilize modèl imèl sa a pou kontakte òganizasyon, rezo, kowalisyon, elatriye, pou mande si yo ta enterese fè patenarya pou ranfòse efò sansibilizasyon yo.

Fon vityèl

Imaj fon yo gen lyen ak kòd QR ki mennen nan sondaj la epi yo ka itilize sou Zoom, Microsoft Teams oswa lòt anviwònman vityèl.

Fòm konsantman pasif paran pou òganizasyon k ap sèvi jèn yo

Yo ka voye fòm konsantman pasif paran bay paran/gadyen yo anvan òganizasyon an pataje sondaj la ak jèn ki poko gen 18 lane. Fòm sa yo enfòme paran/gadyen yo sou sondaj la epi ba yo posiblite pou yo di yo pa vle pitit yo patisipe. Itilizasyon fòm sa yo pa obligatwa. Pou mande yon kopi, tanpri voye yon imèl bay CHEI@mass.gov.